

# PWOTOKÒL KONT RAJ

JERE CHEN & CHAT KI EKSPOZE AK BÈT KI VIV NAN BWA

(Raton lavè, moufèt, rena, chovsouri, mamòt oswa lòt bète nan bwa ki manje vyann)

Kategori ki ekspoze

Si chen/chat vaksine oswa pa vaksine kounye a

Si chen oswa chat pa vaksine

Kategori 1  Kontak dirèk ak yon bète yo konfime ki gen raj oswa wè mak kote bète ki gen raj la te mode I (san wete manje pati ki anndan bète)	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Ranfòse sistèm li byen vit 3. Konfinman strik pandan 45 jou	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Touye I, oswa, si mèt li pa vle: a. Vaksine I san pèdi tan b. Izole I pandan 3 mwa, apre 1 mwa konfirman strik
Kategori 2  Kontak dirèk ak yon bète yo sispek ki gen raj yo pa ka jwenn pou yo teste oswa wè mak kote bète la te mode I (san wete manje pati ki anndan bète)	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Ranfòse sistèm li byen vit 3. Konfinman strik pandan 45 jou	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Touye I, oswa, si mèt li pa vle: a. Vaksine I san pèdi tan b. Konfinman strik pandan 4 mwa
Kategori 3  Yon bète yo sispek ki blese I (Pa egzanp, maleng chat)	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Ranfòse sistèm li byen vit 3. Konfinman strik pandan 45 jou	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Touye I, oswa, si mèt li pa vle: a. Vaksine I san pèdi tan b. Konfinman strik pandan 4 mwa
Kategori 4  Te toupre yon kote ki gen bète yo konfime ki gen raj oswa toupre bète ki gen raj (pa gen kontak oswa blese)	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Ranfòse sistèm li byen vit 3. Konfinman strik pandan 45 jou	1. Enfòme direktè lokal sante a ak enspektè lokal pou bète la 2. Vaksine I san pèdi tan 3. Konfinman strik pandan 4 mwa

- Toujou met gan lè w ap travay nan blese oswa pwal ki kontamine ak krache.
- Toujou fè mèt bète la konnen risk raj ki genyen an.
- Veterinè yo dwe fè enspektè lokal pou bète la konnen tout ka yo te wè nan biwo yo li posib pou se raj yo ye.

1. “Pa vaksine kounye a” vle di gen prèv ki montre gen yon lè yo te vaksine bète la kont raj men tan vaksen an valab la gentan pase.
2. “Pa vaksine” vle di bète la pa t janm vaksine kont raj, oswa sa gen omwen 28 jou depi yo ba I premye vaksen I.
3. Yon veterinè dwe egzamine chen an oswa chat la pou wè si I pa blese

Se Depatman Resous Agrikòl Massachusetts, Seksyon sante bète, ki prepare dokiman sa a

Revize: 1<sup>re</sup> out 2016

Ou gen kesyon? (617) 626-1810